/

К-8-1

80 б.

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКІЭ ОЛИМПИАДЭ

## 8 КЛАСС

**1. Мы псалъэхэр сонорнэ макъ дэкІуашэкІэ къыщІедзэ икІи еух:**

а) уэтэр, мэрем, номин, мей, уэсий;
б) уэсмыч, псыгуэн, гухьэр, мафІэс;
в) уэздыгъэжь, нэз, плъыр, мухьэрэб;
г) уэс, мэз, къунан, плъыр.

+

**2. ФІыншэм къыщыхъу макъ дэкІуашэ дэгу хэтщ мы псалъэхэм:**

а) тетысхьэпІэ, псей, тхылъылъэ, щІэрыпс;
б) хъуэхъу, бэджыхъ, хъыжьэ, хъумпІэцІэдж;
в) уэркъгъусэ, кІапсэлэрыгъу, вагъуэкІэху, пэшхьэку;
г) гъунэгъу, пщыхьэщхьэ, гъэмахуэпс, нартыху.

+

**3. Ударенэр етІуанэ пычыгъуэм тохуэ мы псалъэхэм:**

а) къуажэтегуашэ, псалъэмакъыншэ, тешанкІэгъэкІэрахъуэ;
б) пІастэ, напэ, джыдэ, ІумпІэ, унэ;
в) батырыбжьэ,ислъэмей, итырыгъу, тхьэлъэІупІэ;
г) тхьэмахуэ, уэздыгъэ, мэзхъумэ, хьэрфзешэ.

—

**4. Екъуа (дефис) дэту ятх мы псалъэхэр:**

а) Іэбжэ (набжэ), Іэшэ (лъашэ);
б) Іэщэ (фащэ), ефэ (ешхэ);
в) Іэбыдэ (лъэбыдэ), Іэпсо (лъэпсо);
г) нэшхуэ (гушхуэ), цІыкІу (фэкІу).

+

**5. Адыгэбзэм хэт** *пщыІэ* **псалъэм синоним хуохъу:**

а) пырхъуэ;
б) уэтэр;
в) чыл;
г) пыбгъыкІ.

—

**6.** *«Гуэншэрыкъ гъурыр иІуэту, Умар гупсысэу здэщысым ...».* **Псалъэухам авторым къыщигъэсэбэпащ**

а) фразеологизм;
б) неологизм;
в) историзм;
г) архаизм.

—

**7.** *«Сэ абы куэдрэ си цІэм бацэ плъыфэр зэрыкІэригъапщІэр си жагъуэт ...».* **Псалъэухам къыщыкІуа щхьэ цІэпапщІэхэр итщ**

а) именительнэ падежым;
б) именительнэ, эргативнэ падежхэм;
в) послеложнэ, обстоятельственнэ падежхэм;
г) эргативнэ падежым.

+

**8. Мы псалъэухам щхьищ зиІэ глагол лъэІэс хэтщ:**

а) ЕгъэджакІуэм еджакІуэхэр урокым зэрыщІидзэжрэ егъатхэ;
б) Урокым зэрыщІидзэжрэ еджакІуэхэр егугъуу матхэ;
в) ЕгъэджакІуэм еджакІуэхэр тхакІуэм и сурэтым ирегъэплъ;

+

г) ЕджакIуэхэр адыгэ тхакIуэм траха сурэтым йоплъ.

**9. Лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречие мы псалъэухам къыщокIуэ:**

а) Мысыхьэтым сэ, дауи, насыпыфIэу салъытэ хъунут;
б) Ухуеймэ, сыти щIэ, нобэ удэмыкIыну Iэмал иIэкъым;
в) МахуитI лъандэрэ мэжэщIалIэ адэмрэ къуэшымрэ сыхуэпIащIэрт;
г) Губгъуэм и дэнэ лъэныкъуэкIи Iэуэлъауэ макъыр щагъэшырт.

—

**10. Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм хохьэ:**

а) причастиер, деепричастиер, наречиер;
б) послелогыр, частицэр, союзыр;
в) послелогыр, частицэр, междометиер;
г) послелогыр, частицэр, союзыр, междометиер.

+

**11. Зы псалъэу е псалъэ зыбжанэу гупсысэ пыухыкIа къэзыIуатэм**

а) псалъэ шэрыуэкIэ йоджэ;
б) псалъэжькIэ йоджэ;
в) псалъэухакIэ йоджэ;
г) псалъэ зэпхакIэ йоджэ.

—

**12. КIэрашэ Тембот зэритхымкIэ, Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт хэтащ**

а) 1812 гъэм Наполеон Урысейм къыщытеуам щыгъуэ екIуэкIа зауэм;
б) 1877-1878 гъэм екIуэкIа «Урыс-тырку зауэм»;
в) 1904-1905 гъэхэм екIуэкIа «Урыс-япон зауэм»;
г) 1918-1920 гъэхэм Урысейм щекIуэкIа Граждан зауэм.

—

**13. Щагъуэ Нурий, мыдрисэм щылэжьа илъэсхэм, иригъэджащ**

а) Нэгумэ Шорэ;
б) ХьэтIохъущокъуэ Къазий;
в) ПащIэ Бэчмырзэ;
г) ЩоджэнцIыкIу Алий;

+

**14. Критик Нало Жансэхъу адыгэ лирикэм и зэхэублакIуэу къилъытащ**

а) ЩоджэнцIыкIу Алий;
б) ПащIэ Бэчмырзэ;
в) КIыщокъуэ Алим;
г) КIуащ БетIал.

+

**15. Къылышбий Исмэхьил мыпхуэдэ усэ итхащ:**

а) «Хъуэхъу»;
б) «Нанэ»;
в) «Iуэдыщэ»;
г) «Уэсят».

+

**16.** ***«И Iэгу и Iэнэщ»*** **псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ**

а) Iэнэм бгъэдэмысу, шхэуэ къэзыкIухь цIыхум;
б) ерыскъыкIэ жумарту, хьэлэлу псэу цIыхум;
в) шхын щхьэкIэ лъаIуэу, и Iэгу ущIауэ уэрамым дэт цIыхум;
г) зыри имыIэу, тхьэмыщкIэу, къулейсызу псэу цIыхум.

+

Проверила Мир…